

Pawòl co-edite yo

Pierre Minn ak Ary Régis

Nimewo Haïti Perspectives sa a fèt sou savwa syantifik ak savwa tradisyonèl an Ayiti. Lektè a ap jwenn atik sou yon varyete sijè, ki an rapò ak savwa epi konesans, kote sa ki enterese otè yo se divès kalite savwa, konesans, prèv epi laverite.

Kòm chèchè nan domèn syans sosyal, nou ta renmen kòmanse nimewo sa a avèk yon diskisyon sou diferans ki genyen ant syans ak tradisyon. Nou konnen dapre travay istòryen kou *Eric Hobsbawm* ak *Terence Ranger*, konsèp «tradisyon» an se yon «envasyon» ki soti nan 18^{yèm} ak 19^{yèm} syèk, apati pwojè kreyasyon Leta-nasyon yo. Yon moun kab poze tèt li kesyon sa a: «Pouki sa yo konsidere chapo pay epi dyakout peyizan ayisyen an tankou objè tradisyonèl, men yo pa panse menm jan an pou kiyè an metal li ap itilize a.»

Paralèlman, nou konnen panse syantifik la, limenm tou, li genyen istwa pa li ak tradisyon pa li. Branch lakonesans ki soti nan etid teknoloji epi etid lasyans yo (ETS), kote nou jwenn etanp pansè, kou *Thomas Kuhn* ak *Bruno Latour*, ankouraje nou konsidere divès kondisyon pwodiksyon konesans syantifik la, ki pa janm separe ak relasyon moun yo, divès chapant pouvwa a, epi dinamik sosyal yo. An plis, nou konnen tou, menm lè majorite etidyan yo ak jèn chèchè ayisyen yo ap travay yon fason pli-zoumwèn otonòm epi nan kondisyon difisil, rechèch syantifik la an Ayiti pote, an pwofondè, mak relasyon transnasyonal yo. Èske se posib oubyen èske nou kab swete anvizaje yon demach syantifik, ki ayisyen nèt-alkole, san nou pa ensiste prensipalman sou defi yo ak mankman yo?

Tèks **Jean-Baptiste Mario Samedy** a, kote li ap analize rapò ki genyen ant divès mòd konesans tradisyonèl epi syantifik yo epi

devlopman sosyo-ekonomik, pwopoze yon estrateji ki layite kò li nan rejis epistemolojik, politik epi estratejik yo.

Jean Judson Joseph, ki limenm tou se antwopològ, epi etidyan nan nivo doktora nan ISTEAH, fè nou wè, apati atik li a, nesesite dijans pou nou fòmalye, enstitisyonalye medsin tradisyonèl ayisyen an nan fè li mache ansanm avèk lamedsin, yo di ki «syantifik la». Sa ap pèmèt popilasyon Ayiti a jwenn pi bon swen lasante.

Atik Pierre Minn lan chita sou fòmasyon nan metodoloji rechèch kaltitatif pou Ayisyen ki nan klinik. Akoz enpak kalite rechèch sa a kab genyen nan anviwonman lasante an Ayiti, otè a deside rekonsidere enterè ak priyorite li yo an rapò ak priyorite etidyan li yo epi kòlèg li yo.

Antrevi avèk doktè **William Pape** la, ki se yonn nan pi gran chèchè epi syantifik ayisyen, fè nou dekouvri vizyon modèn li sou lasyans, sou devlopman ak sou pwogrè. Doktè Pape ban nou tou kèk konsèy pou jèn chèchè epi li pale sou ko-ekzistans fenomèn syantifik epi esprityèl yo nan pwòp panse pa li.

Antrevi nou avèk antwopològ **Rachel Beauvoir** konfime nou posiblite pou yon ko-ekzistans apati lavi premye Ati nasyonal la, *Max Gesner Beauvoir*, ki rive amonize anndan li konesans syantifik li genyen kòm byochimis ak konesans savwa tradisyonèl li yo kòm houngan. Sa te pèmèt li louvri yon pwosesis «modènizasyon» vodoun an, men tou pou li mete yon seri konesans, nan domèn remèd fèy, disponib pou tout moun. Konesans sa yo te soti nan tradisyon ki te rapousuiv esklav yo ki toujou valab jounen jodi a. ■

